



20 Jijè 2021

Konsèy pou benefisyè DACA ak avoka – Kesyon moun mande souvan

Nan dat 16 jiyè 2021, Jij Hanen nan Tribinal Federal Texas pibliye **desizyon** li sou dosye DACA a nan ka **Texas kont Etazini**, ki te konteste legalite politik DACA a. Jij Hanen jige politik DACA pa rantre nan lalwa, toutfwa pou kounye a li pral pèmèt moun ki deja gen DACA pou yo kontinye renouvle. Men yo pap aprouve okenn nouvo aplikasyon DACA nan moman sa a.

Sa sa vle di pou ou si ou deja gen DACA?

Si ou deja gen DACA, visa DACA w la ak pèmi pou travay ou a toujou valid. Demand pou DACA pou premye fwa, ak renouvèlman ki deja aprouve ap toujou valid nan moman an. Ou kapab toujou sèvi ak nimewo sekirite sosyal ou ak pèmi pou travay ou; tout bagay rete menm jan ak stati ou genyen jodya. Pa kite DACA'w la eskpire. Si DACA'w la pral eskpire nan yon ti bout tan, renouvle kounye a!

USCIS ankouraje tout moun pou yo fè demand renouvèlman **120 a150 jou** anvan dat ekspirasyon DACA'w la. Toutfwa, USCIS aksepte papyè aplikasyon yo avan 150 jou men li posib USCIS pa trete dosye a anvan 150 jou anvan dat ekpirasyon an. USCIS pa gen yon **sèvis rapid ofisyèl** pou moun ki aplike pou DACA, dapre sa nou konprann, USCIS kapab bay yon konsiderasyon espesyal nan sèten sikonstans – tankou sikonstans ki make sou paj USCIS la pou demand sèvis rapid – ki ta mande yo trete dosye a pi rapid. Se pou sa n'ap ankouraje ou pou ajoute tout enfòmasyon ki ta ka ede USCIS aprouve renouvèlman'w lan. Ekri enfòmasyon sa yo nan yon dokiman epi ajoute li ak lòt dokiman ou bay lè'w mande renouvle DACA ak pèmi pou travay ou.

Kisa sa vle di si ou fè yon demand pou DACA ki pòko aprouve?

Si ou te aplike pou DACA pou premye fwa epi USCIS ap trete dosye a toujou, Jij Hanen bay lòd USCIS pa kapab aprouve nouvo moun pou DACA. Si ou te aplike pou DACA pou premye fwa men USCIS PAT deja aprouve li, dapre sa nou konprann, yo pa pral aprouve li depi jodya rive jouktan yon lòt desizyon pran.



Kesyon pou moun ki vle aplike pour DACA pou premye fwa

1. Mwen pat janm gen DACA e mwen te remèt aplikasyon'm lan anvan desizyon Jij Hanen la. Mwen deja bay anpwent; kisa ki pral pase kounye a?
 - Desizyon Hanen la entèdi USCIS pou'l bay okenn nouvo DACA nan moman an. Batay nan tribinal yo ap kontinye, n'ap kontinye ba'w nouvèl sou paj sa a.
2. Eske y'ap refize otomatikman tout moun k'ap aplike pou DACA pou premye fwa?
 - USCIS kapab toujou resevwa dokiman pou moun k'ap aplike pou DACA pou premye fwa (sa vle di yo pap refize pran papye yo nan menw) men yo pa kapab aprouve demand ou an lakòz jijman Jij Hanen la. Nan dat nou pibliye avi sila a, nou pa konnen kijan USCIS pral trete aplikasyon sa yo men nou panse USCIS pral bay plis enfòmasyon sou sa talè konsa.
3. Mwen t'ap fè plan pou'm voye aplikasyon pam la pou premye fwa. Eske mwen ta dwe toujou voye papye yo?
 - Jijman Hanen la entèdi USCIS pou'l bay okenn nouvo DACA nan moman an. Nou konseye ou wè avèk yon avoka oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou voye papye yo. Batay nan tribinal yo ap kontinye, n'ap kontinye ba'w nouvèl sou paj sa a.
4. Mwen te gen randevou nan jou k'ap vini yo pou al bay anpwent. Eske mwen ta dwe toujou ale nan randevou an?
 - Repòtaj laprès fè konnen USCIS deja koumanse anile randevou pou bay anpwent pou moun k'ap aplike pou DACA pou premye fwa. Toutfwa, si ou pa resevwa yon avi ki diw randevou'w la anile, pito ou ale nan randevou an lakòz règleman yo di yo kapab refize ba ou DACA a si ou pa ale nan randevou pou anpwent lan. Menm si jijman Hanen la entèdi yo bay nouvo DACA pou moun ki aplike pou premye fwa, nou pa panse li entèdi USCIS akepte anpwent ou. N'ap toujou mete konsèy sa a jou si ta gen chanjman.



5. Mwen resevwa yon RFE (Request for Evidence – ki mande plis prè) pou premye demand DACA mwen an? Eske mwen ta dwe toujou bay repons?

- Yo kapab refize yon demand DACA si ou pa reponn a tan lè yo voye mande w plis prè nan yon “Request for Evidence” (RFE). Menm si jijman Hanen la entèdi yo bay nouvo DACA pou moun ki aplike pou premye fwa, nou pa panse li entèdi USCIS akepte repons ou bay pou yon RFE. Nou konseye ou wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou reponn RFE a. N’ap toujou mete konsèy sa a jou si ta gen chanjman.

6. Eske mwen riske depòte kounye a?

- Prezidan Biden ak DHS deklare aklè “Dreamers” yo (moun ki elijib pou DACA) pa yon priyorite pou depòte. Menm Jij Hanen di nan jijman I lan desizyon tribinal la “pa egzije DHS oswa Ministè Jistis la pran okenn aksyon pou imigrasyon, depòtasyon oswa okenn aksyon kriminel nan tribinal kont okenn moun ki resevwa oswa aplike pou DACA, ni okenn lòt moun.”
- Nan moman sila, ICE oblije swiv [règleman sou Priyorite pou Aplikasyon Lalwa ak Depòtasyon](#) ki pibliye nan dat 18 Fevrye 2021 ki idantifye kategori moun ki se yon priyorite pou depòtasyon. Nou konseye ou wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl si ou panse ou nan yon kategori moun ki se yon priyorite pou aplikasyon lalwa ak depòtasyon.

Renouvèlman

1. Eske y’ap toujou kontinye trete renouvèlman?

- USCIS ap toujou kontinye aksepte epi trete demand pou renouvle DACA jistan yon lòt jijman tribinal bay yon lòt lòd.

2. Eske mwen ta dwe mande renouvle bonè?

- Si DACA’w la pral ekspire talè konsa, nou konseye ou renouvle li prese prese. Si ou ta vle renouvle anvan lè, wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou depoze demand ou an.



3. Jouk kilè USCIS pral kontinye aksepte demand renewèlman DACA?

- USCIS pral kontinye aksepte epi trete demand renewèlman DACA jouk lè ta gen yon lòt jijman tribinal ki bay yon lòt lòd. Administrasyon Biden la anonse li pral konteste desizyon Hanen la nan tribinal, epi ka genyen lòt aksyon lajistis ki kapab afekte sa. Kidonk nou pa ka konnen jouk kilè sa va konsa, men n'ap toujou mete konsèy sa a jou si ta gen chanjman.

4. Sa fè plis pase yon lane depi DACA mwen an ekspire, kidonk mwen depoze demand renewèlman DACA mwen an tankou yon demand pou premye fwa. Sa sa vle di pou mwen?

- Dapre jijman Hanen la, USCIS ta dwe trete tout demand renewèlman pou nenpòt moun ki genyen oswa te janm genyen DACA. Sa rete vre menm si sa fè plis pase yon lane DACA'w la ekspire e ou te blije aplike pou renewèlman tankou yon demand pou premye fwa. N'ap toujou mete konsèy sa a jou epi pataje nouvo enfòmasyon ki soti nan USCIS oswa tribinal yo.

5. Mwen remèt demand renewèlman DACA mwen an atan men li pòko aprouve. Toutfwa, ansyen DACA mwen an ekspire lakòz reta ki soti nan USCIS. Eske demand renewèlman DACA mwen an valid toujou, epi eske l'ap toujou trete ak tout demand pèmi pou travay mwen an?

- Dapre jijman Hanen la, USCIS dwe toujou kontinye trete tout demand renewèlman pou tout benefisyè DACA, menm si DACA'w la ekspire. Sa rete vre menm si sa fè plis pase yon lane ou pa gen DACA e ou te blije aplike pou renewèlman tankou yon demand pou premye fwa. N'ap toujou mete konsèy sa a jou epi pataje nouvo enfòmasyon ki soti nan USCIS oswa tribinal yo.

“Advance Parole” (Otorizasyon pou vwayaje)

1. Eske pwogram “Advance Parole” la ki bay otorizasyon pou vwayaje valab toujou kounye a pou benefisyè DACA yo?

- Dapre **deklarasyon sila USCIS fè**, y'ap toujou kontinye trete epi bay otorizasyon pou vwayaje pou moun ki deja genyen DACA. Nou konseye ou wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou



depoze yon demand otorizasyon pou vwayaje, oswa anvan ou vwayaje andeyò peyi Etazini.

2. Mwen te deja otorize pou vwayaje ak “Advance Parole”, kijan jijman Hanen la pral afekete mwen?
 - Nou panse jijman Hanen la pèmèt USCIS kontinye trete demand pou otorizasyon vwayaj (Advance Parole) for benefisyè DACA. Nou konseye ou wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou depoze yon demand otorizasyon pou vwayaje, oswa anvan ou vwayaje andeyò peyi Etazini.
3. Demand mwen fè pou otorizasyon pou vwayaje ak Advance Parole pòko aprouve. Eske USCIS ap kontinye trete li?
 - Nou panse jijman Hanen la pèmèt USCIS kontinye trete demand pou otorizasyon vwayaj Advance Parole pou benefisyè DACA. Nou konseye ou wè ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan ofisyèl anvan ou depoze yon demand otorizasyon pou vwayaje oswa anvan ou vwayaje andeyò peyi Etazini.
4. Mwen gen DACA men kounye a mwen andeyò peyi Etazini ak “Advance Parole”. Eske mwen toujou kapab rantre Ozetazini ak otorizasyon vwayaj “Advance Parole” la ak DACA?
 - Nou panse jijman Hanen la pèmèt USCIS kontinye trete demand pou otorizasyon vwayaj Advance Parole pou benefisyè DACA, epi tou pèmèt sèvis imigrasyon Customs and Border Protection (CBP) onore otorizasyon Advance Parole USCIS te deja bay benefisyè DACA yo.

Prochèn etap yo

1. Kiyès ki kapab konteste jijman Jij Hanen la?
 - Nenpòt moun kapab konteste jijman sila nan tribinal. Kontestasyon an ta ale nan Kou Dapèl 5èm Jiridiksyon an (Fifth Circuit Court of Appeals). Nou pòko konnen konbyen tan sa ka pran pou yon nouvo desizyon oswa jijman. Apre Kou Dapèl 5èm Jiridiksyon an fin bay jijman pali,



nenpòt ki moun kapab konteste li tou nan Kou Siprèm peyi Etazini (Supreme Court)

2. Mwen tande yo pran anpil tan pou trete demand DACA yo. Kijan sa ye kounye a?

- Repòtaj nan laprès fè konnen USCIS mete plis estaf pou trete dosye DACA yo, kidonk nou espere estaf anplis sila yo pral ede vanse dosye ki anreta yo. Ou kapab verifye stati dosye paw la isit la.

3. Eske mwen riske depòte si demand DACA mwen an pa ka aprouve?

- Prezidan Biden ak DHS deklare aklè ‘Dreamers’ yo (moun ki elijib pou DACA) pa yon priyorite pou depòte. Menm Jij Hanen di nan jijman l lan desizyon tribinal la “pa egzije DHS oswa Ministè Jistis la pran okenn mezi pou imigrasyon, depòtasyon oswa okenn aksyon kriminel nan tribinal kont okenn moun ki resevwa oswa aplike pou DACA, ni okenn lòt moun.”
- Nan moman sila, ICE oblije swiv [règleman sou Priyorite pou Aplikasyon Lalwa ak Depòtasyon](#) ki pibliye nan dat 18 Fevrye 2021 ki idantifye kategori moun ki se yon priyorite pou depòtasyon.
- Si ou gen DACA nan moman sa a, pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont depòtasyon se pa pèdi proteksyon sila a. Si DACA’w la pral ekspire talè konsa, renouvle li prese prese!

Kisa nou kapab fè kounye a?

Li enpòtan pou Kongrè Ameriken an pase yon lwa ki bay yon solisyon pèmanan pou jèn ki san papyè yo, sa ki genyen oswa pa genyen DACA, benefisyè TPS yo, travayè agrikilti yo ak travayè esansyèl yo, ak fanmi nou yo, e [Prezidan Biden dakò](#). Si ou se yon benefisyè DACA, ou dwe konnen ou legal Ozetazni e ou gen dwa. Tcheke zanmi DACA w yo pou pran nouvèl yo.

Nou dwe aji

Nou te konnen depi nan kòmansman DACA pat sifi. Desizyon Hanen la raple nou aklè kominote nou an bezwen yon pwoteksyon pèmanan. Demokrat nan kongrè a fèk entwodwi yon lwa sou bidjè a ki genyen ladan l yon fason pou plizyè milyon moun san papyè kapab jwenn



sitwayènte. Demokrat yo nan Kongrè a dwe asire yo ke dispozisyon sila ki bay yon fason pou moun san papyè jwenn sitwayènte rete nan pwopozisyon lwa sou bidjè a anvan kongrè a al an vakans nan mwa dayout la. **Voye "PATHWAY" pa SMS bay 877-877 pou mande Kongrè a bay sitwayènte pou plizyè milyon moun ki san papyè TOU SWIT!**